

Chè Paran/Gadyen,

Ane sa a, elèv ou a pral aprann sèvi ak Lexia® English Language Development,™ yon pwogram aprantisaj adaptive ki baze sou òdinatè ki fêt pou sipòte bileng ki gen pou vini yo, soti nan klas matènèl rive sizyèm ane. Aktivite yo nan Lexia English ap soutni devlopman lang anglè elèv yo atravè konvèsasyon akademik epi y ap apiye sou kontni nan Matematik, Syans, Syans Sosyal, Biyografi ak Konesans Jeneral. Yo fêt pou ede elèv bileng ak plizyè lang k ap vini yo pou yo devlope konpetans yo nan lang anglè nan twa domèn kle: **pale, koute ak gramè**.

Men ki jan Lexia English fonksyone:

- Elèv ou a kòmanse nan yon pwen depa ki koresponn ak bezwen li yo epi li travay sou aktivite anliy pandan tout semèn nan. Online activities include direct instruction, repetition and feedback as your learner acquires new skills.
- Aktivite sou Entènèt yo enkli ansèyman dirèk, repetisyon ak kòmantè pandan elèv ou a ap aprann nouvo konpetans.
- Yo siyale pwogrè ak pèfòmans yo nan pwogram nan, sa ki pèmèt pwofesè yo bay èd lè sa nesesè.
- Yo itilize leson fas a fas sou ekspresyon oral (pale) ak konpreyansyon oral (koute) tou pou ranfòse ak pratike konpetans yo aprann nan pwogram anliy la.
- Yo ka voye sètifica akonplisman lakay ou pou selebre siksè ak montre pwogrè elèv ou a nan pwogram nan.

Nou espere ou pataje eksitasyon nou pou pwogram sa a!

Sensèman,

## Ou kapab itilize Lexia English lakay ou pou plis pratik. Kòmanse fasil!

1. Pou itilize li sou yon òdinatè, ale sou <https://english.lexialearning.com>.
2. Pou itilize li sou yon iPad, telechaje aplikasyon **Lexia English** la gratis sou App Store.
3. Premye fwa elèv ou a ap sèvi ak Lexia English, ou ka bezwen antre imèl pwofesè yo afiche anba a. Lè sa a, elèv ou a ka konekte ak non itilizatè a ak modpas yo itilize nan lekòl la epi ki afiche anba a.

Imel Pwofesè a (pou konfigirasyon)	
Non itilizatè	
Modpas	

Pou plis enfòmasyon sou aparèy yo konsidere yo oswa sou kondisyon teknik, vizite paj [Support for Families](#) oswa [Lexia Help Center](#). Yo ka voye kesyon teknik yo bay [Lexia Support Team](#).

Tanpri sonje Lexia Customer Support pa kapab bay elèv yo non itilizatè oswa modpas, ni imèl pwofesè yo.

# Jwenn aksè akLexia® English Depi lakay ou

Li enpòtan pou elèv ou a travay san okenn èd pandan l ap itilize Lexia English la. Tout travay elèv ou a fè lakay li yo anrejistre epi yo siyale yo bay pwofesè a. Konsa, pwofesè yo ka wè ki lè li bezwen èd epi yo ka bay ansèyman ak sipò ki sible yo.

Si ou gen yon kesyon sou non itilizatè oswa modpas elèv ou a, tanpri kontakte pwofesè elèv ou a.

## Òdinatè Pòtab/Notebook/

1. Louvri yon fenèt nan navigatè a  
(Se sèlman Chrome ki se yon navigatè ki sipòte):
2. Ale sou <https://english.lexialearning.com>
3. Si yo mande l, tape imèl pwofesè a pou konfigire aparèy la.



4. Antre **non itilizatè ak modpas** elèv la.



5. Klike sou bouton **Konekte** a.

## iPad (iPad 4 oswa pi wo)

1. Chèche **Lexia English** nan App Store.
2. Tape bouton **Telechaje/Enstale** pou telechaje Lexia English sou aparèy la.
3. Depi li fin enstale, peze aplikasyon an sou aparèy ou a.
4. Si yo mande l, tape imèl pwofesè a pou konfigire aparèy la.



5. Antre **non itilizatè ak modpas** elèv la.



6. Klike sou bouton **Konekte** a.

*Lè li antre nan pwogram nan, y ap mande elèv yo pou yo teste mikwofòn yo lè yo klike sou mikwofòn la epi nan konte. Depi operasyon an reyisi, elèv la ap ale nan ekran Akèy li.*